

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA - GKJ AMBARRUKMA

19 Oktober 2025

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Ijem, Stola/Logo/Simbol : Prau+Peksi Dara+Pelangi)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

*Sakderengipun pangibadah kawiwitan,
Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.*

Liturgos : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu Sangalas Oktober Kalih Ewu Selangkung (Selawe)** (19 Oktober 2025).

Sumangga kita sami atur uluk salam namaste utawi kanthi jawat asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Berkah kabingahan, karaharjan, saha tentrem rahayu tansah nyarengi kita sami.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “***Madhep Mantep Sumarah ing Pangrehing Allah***” badhe kaladosaken dening Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan.

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Welas, pada Setunggal lan Sekawan (KPJ 14 : 1 + 4), “Kula Samya Tetunggilan”** *pasamuwan kasuwun jumeneng*

- (1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangeran,
wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan
Refr:
Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
wit ing ayoming sihira sestu tentrem raharja.

- (4) Kawula nggih binerkahan lantaran mitra-kadang;
sumanaking pitepangan tan wonten memengsahan.

Refr:

Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
wit ing ayoming sihira sestu tentrem raharja.

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:**

(Pasamuwan Jumeneng)

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan lare-lare sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /**
Amin, Amin, Amin.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. **Sabda Introitus**

Lektor : Introitus kapethik saking **1 Para Raja 11 : 38**

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

5. **Liturgos** : “ Pasamuwan kinasih ing tetunggilanipun Gusti Yesus, sabdanipun Gusti ndayani kita sami nuhoni sedaya dhawhipun Gusti kados dene Dawud, Gusti ugi badhe maringi kita turun kang santosa.

Sumangga sesarengan kita repenaken kidung kanthi sukarena, **Kidung Pasamuwan Jawi Tigang Atus Nembelas, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 316 : 1 + 3), “Brayat Kang Tinangsulan Ing Tresna”**

- (1) Brayat kang tinangsulan ing tresna, tetales pitados mring Gusti,
mesthi ayam tentrem lan raharja, atut rukun wah lestari,
silih asah lan asih, silih asuh tan pamrih,
temah adeging brayat puniki, nengsemken mring sesami.

- (3) Brayat kang mbangun - turut mring Gusti, tegen ndedonga lan ngabekti,
kraos lan rumaos nampi berkah, jroning bingah dalah sisah;
gesangnya kagem Allah, blaba berbudi tansah,
temah adeging brayat puniki, nengsemken mring sesami.

6. Pendeta : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Mateus 22 : 37 - 40

7. Pacawisan Pamratobat

Imam : "Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, Gusti sampun ngasihi dumateng kita sami, pramila sumangga kita nglajengaken katresnanipun Gusti menika ing satengahing lampah gesang kita. Sesarengan kita nyamektakaken manah nyawisaken pandonga pamratobat kanthi pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Seket Setunggal, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 51 : 1 + 2), "Gusti Mugi Mirsani"**

- (1) Gusti mugi mirsani nggen kula kesrakatan.
Kula mlajeng mring pundi, namung dhateng Pangeran.
Nyuwun tulung, dhuh Allah mugi nglanting kawula
sing sagung karibedan, dimenpulih lejara.
- (2) Tan wonten pangauban, sèstu namung Paduka,
etuking pitulungan tumrap tyang kang nalangsa.
Yèn kegunturan sedhik miwah nandhang sangsara.
sinten kang nglipur malih, inggih namung Paduka.

8. Pandonga Pamratobat

Imam : "Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggu ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

"Puji panuwun sokur konjuk ing Ngarsa Paduka Gusti. Gusti ingkang nitahaken jagat sak isinipun. Gusti ingkang dados sumbering gesang kawula. Gusti ingkang tansah mboten nate nilaraken kawula, pakaryan Paduka. Gusti ingkang dados pangungsen kawula. Ing wekdal pangibadah menika Gusti, kanthi lingseming manah awit raos keduwung, kawula nyuwun apunten Gusti, awit sedaya pandamel dosa, ringkihing raha serta jembering dosa kawula menika. Pepadhang saha panuntuning Sang Roh Suci keparenga nyarengi anggen kawula sami nglajengaken gesang. Matemah ing satengahing ombyaking gesang ingkang kebak éwah-éwahan, kawula saged ndhapuk gesang ingkang ndarbèni antebing kajiwan.

Linambaran sih lan pangurbananipun Gusti Yesus Kristus Juru Wilujeng ingkang sejatos, kawula ndedonga. Amin."

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat lan Pangatag-atag Gesang Anyar : Pangandharing Toret 31 : 6

10. Kidung Kasanggeman

Liturgos : “Pasamuwan ing tetunggilanipun Gusti. Gusti Allah sampun paring pitedah supados kita sami tansah santosa saha tatag ing manah, mboten ajrih lan giris awit Gusti Allah tansah nunggil ing sedaya lampah gesang kita. Panjenenganipun mboten badhe negakaken sahan ilar kita sami.

Pramila kita saget ngaturaken wangsulane kanthi sesarengan ngrepekaken **Kidung Pasamuwan Jawi Tigang Atus Nem Likur, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 326 : 1 + 2), “Punika Brayat Kula”..... pasamuwan kula aturi jumeneng**

- (1) Punika brayat kula, brayat tentrem kang ngangeni.
Sinten dados tanggela? namung Pangeran pribadi.

Refr:

Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubeda, sagotrah manggih raharja.

- (2) Saiba endahira, tyang-sepuh dadya tuladha,
saguning para putra sami nulad pakartinya.....Refr:

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Lagu Tema Wulan Brayat

Kagem nyuraosi Wulan Brayat, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Wulan Brayat taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan “**Keluargaku Mempersaksikan**”. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Bp. Turino.

Lagu Tema Bulan Keluarga **KELUARGAKU MEMPERSAKSIKAN**

Es=1

4/4

| 1 1 1 7 5 6 | 6 . . 6 1 | 1 7 1 7 6 6 | 6 5 . . . |
Ka sih Tuhan Ye-sus me ling-kupi kelu ar ga - ku,

| 6 6 6 5 3 4 | 4 6 . . . | . 1 1 7 1 2 | 2 5 . . 0 |
dalam suka dan du- ka saling menga si- hi.

| 1 1 1 7 5 6 | 6 . . 6 1 | 1 7 1 7 6 6 | 6 5 . . . |
Tumbuh dan berkembang, mempersaksikan kasih nya-ta

| 6 6 6 5 3 4 | 4 6 . . . | . 1 1 7 1 2 | 2 . . 1 2 |
mensyukuri be ta - pa Al lah i tu baik. Bersa-

| 3 . 3 3 2 1 2 | 2 1 . . 2 3 | 4 . 4 4 3 1 2 | 2 . . 1 2 |
ma dalam kelu ar- ga, menja-di ja lan berkat Nya, Bersa-

| 3 . 3 3 2 1 2 | 2 1 . . 2 3 | 4 . 4 4 3 1 2 | 2 . . 3 4 |
ma dalam kelu ar- ga, nyata-kan kemulia an Nya. Kluar-

| 5 1 . 1 1 2 | 2 3 . . . | 6 5 4 3 5 2 | 2 . . 1 2 |
ga ku ku ja ga slalu menja di ber kat ku Tuhan

| 5 1 . 1 1 2 | 2 1 . . . | 4 . 3 . | 2 . 7 . | 1 . . . ||
Ye sus berka ti slalu ke lu - ar ga - ku .

- c) Pandhita : maosaken **Purwaning Dumadi 32 : 22 - 31**
- d) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**
Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |
Hale - luya Hale - luya Hale - lu - ya
- e) Pandhita : **Paladosan Khotbah**
- f) Irah-irahan: **“Madhep Mantep Sumarah ing Pangrehing Allah”**
- g) Ancas : **Pasamuwan ing satengahing ombyaking gesang kebak éwah-éwahan, saged ndhapuk gesang ingkang ndarbèni antebing kajiwan ugi sami katimbangan saged madeg ngendelaken Gusti sacara mandhiri, minangka wekdal mratélakaken setya tuhu kita dhumateng Allah, kanggé nyawisaken antebing pitados ingkang mboten keguh lan gampil nglokro matemah saged dados berkah tumrap kathah.**
- h) **Wekdal Ening.**

12. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan ingkang tansah rinimat ing Sang Kristus Gusti. Kamirahanipun tuwin linuberipun berkah saking Gusti tansah kababar ing gesang kita sami. Pinangka cihnaning raos sokur kita dumateng Gusti, sesarengan kita caos pisungsung ingkang sampun kita cawisaken.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken. Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung kapethik saking kitab **Jabur bab Sangang Dasa ayat Pitulas (Jabur 90: 17)** ingkang mekaten suraosipun:

“Kamirahaning Pangeran Allah kawula, mugi ngayomana kawula, saha Paduka mugi karsaa nyantosakaken pandameling tangan kawula sadaya, inggih pandameling tangan kawula sadaya punika mugi kasantosakna.”

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **Kidung Pasamuwan Jawi Satus Suwidak Setunggal, pada Setunggal dumugi Sekawan (KPJ 161 : 1 - 4), “Jiwa Raga Kula”**

- (1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta,
 mugi dados lantaran kamulyaning Pangeran,
 kamulyaning Pangeran.

- (2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya,
mrih sesami basuki, nampeni sihing Gusti,
nampeni sihing Gusti.
- (3) Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih-rahmat,
temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,
datan kendhat pinuji.
- (4) Bandha lan kasugihan, wekdal, wah kasagedan,
nggih gesang sawetahnya dadya pisungsung nyata,
dadya pisungsung nyata.

13. **Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat**

14. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula suwun jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. **Pandhita : Paladosan Berkah**

16. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Bapa Pandhita Purwantoro Kurniawan lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah Minggu punika, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumangga kita sami saget nglajengaken gesang ing satengahing ombyaking gesang kebak éwah-éwahan menika, kita saged ndhapuk gesang ingkang ndarbèni antebing kajiwan ugi sami katimbangan saged madeg ngendelaken Gusti saha mratélakaken setya tuhu kita dhumateng Allah, kanthi mboten keguh lan gampil nglokro matemah saged dados berkah tumrap kathah.

Sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Jawi Sekawan Atus Tigang Dasa Sekawan, pada Setunggal lan Enem (KPJ 434 : 1 + 6), “Gusti Mugi Sampun Ngantos Nilar”**

- | | |
|---|--|
| <p>(1) Gusti mugi sampun ngantos, nilar kawula;
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.</p> | <p><u>Refr:</u>
Gusti, mugi nuntun kawula;
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.</p> |
| <p>(6) Anèng donya wah nèng swarga, kula tan darbya
andel-andel lan pikekah, namung Paduka.....<u>Refr:</u></p> | |

17. **Liturgos** : “Mekaten lampahing pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur, Gusti tansah paring berkah tumrap sedaya.”